# ku muñal ki am jafe-jafe, walla mu baal ka ko, Yàlla dana ko keral bis-penc ca suufus keru Gàngunaayam ga bis ba nga xam ne genn ker amul gu dul keram ga

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ku muñal ki am jafe-jafe, walla mu baal ka ko, Yàlla dana ko keral bis-penc ca suufus keru Gàngunaayam ga bis ba nga xam ne genn ker amul gu dul keram ga».
[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne képp ku muñal ki ame bor, walla mu teggil ko bor ba, ag payam mooy: Yàlla dana ko keral fa suufus keru Gàngunaayam ga keroog bis-penc ba Jant ba di jege boppi jaam yi, tàngaay wa di tar lool ca ñoom, Kenn du am kerr ku dul ku Yàlla keral.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee